

Kangen Pak Bon

(Dening Sayekti Ardiyani)

Fikri bola-bali kerut irunge. Sanajan wis nganggo masker kanggo nutupi irunge, ambune kamar mandhi tembus tekan irung.

“Parah! Kamar mandhi iki ambune pesing banget! Mung rong dina Pak Bon ora mlebu, wis reged ngene. Hah, bocah-bocah ora tau nyiram sawise pipis pa?” sambate Fikri. “Tki nembe kamar mandhi siji, kamar mandhi liyane piye?”

Pak Bon, dadi tukang kebon lan tukang resik ing sekolahe Fikri jenenge Pak Zaenuddin. Pak Bon wis rong dina ora nyambut gawe amarga lagi lara. Arep kepriye maneh yen Pak Bon ora langsung mlebu? pikir Fikri.

Kanthi upaya sing bisa ditindakake, Fikri pungkasane ambegan lega ing ngarep kamar mandhi. Rasane getun, kok wingi dheweke ora mlebu Pramuka tanpa izin. Sawise pelajaran, dheweke mulih. Fikri wis ora sabar ketemu Mbah Putri sing bakal teka lan nginep ing omahe wong tuwane. Ibu wis ngelingake Fikri supaya melu kegiatan Pramuka amarga Mbah Putri rawuh sore. Sepur nembe tekan stasiun kira-kira tabuh 16.00 WIB. Fikri sing uwis kangen karo eyange, ngeyel yen dheweke bakal methuk Mbah Putri ing omah, mula dheweke kudu mulih luwih awal.

Lha, saiki Fikri getun amarga ibune bener. Fikri kudu nggenteni suwe nganti Mbah Putri rawuh. Amarga dheweke bolos Pramuka, dheweke dihukum ngresiki kamar mandhi mambu sing ditinggalake Pak Bon. Fikri lega amarga tugase wis rampung.

Dheweke lagi wae nyruput wedang putih saka botol sing digawa nalika ana pengumuman saka pengeras suara sekolah. Kabeh siswa didhawuhi guru gugur gunung ngresiki sekolah. Saben kelas mesthi resik amarga petugas piket sreges ngresiki. Nanging, platarane katon reged banget karo godhong sing sumebar. Mangsa iki kadhangkala nggawa angin kenceng satemah godhong-godhongan terus rontok. Apa maneh koridhor sing bledug kandel lan ruwang liyane sing ora didemek petugas piket. Tetanduran ing sakubenge pekarangan uga wis garing.

“Pancen susah yen Pak Bon lagi lara. Dadi kangen karo Pak Bon,” sambate Fikri. “Nembe lungguh ngaso, dikon resik-resik maneh,” raine mrengut.

“Ciyee...kangen...biasane ora tau nggatekake Pak Bon,” ujare Umar.

“Ewadene kanca-kanca ora kangen? Pak Bon lagi lara mung rong dina, sekolahe wis reget banget. Delengen kamar mandi, hiyy ambune ra karuan. Awake dhewe isih gumantung



marang Pak Bon. Yen lara nganti pirang-pirang dina, kepiye dadine sekolahan?” pitakone Fikri.

“Tya, saiki awake dhewe rumangsa kelangan, biasane ora perduli. Pranyata Pak Bon nduweni peran gedhe ing sekolah iki,” ujure Yoga.

“Tugas Pak Bon ora beda karo guru. Tanpa wong-wong mau awake dhewe ora kuwat,” Umar kaget.

“Dhewe nembe ngrasa yen Pak Bon ora ana,” sambunge Fikri.

“Kepriye yen sore iki tilik Pak Bon,” saran Yoga.

“Bener kuwi, kas kelas bisa kanggo tuku oleh-oleh,” sambunge Rani, bendhahara kelas sing lagi ngrungokake ora adoh saka bocah-bocah mau.

“Sarujuk, budhal sekolah langsung mrana,” Umar sing dadi ketua kelas mutusake. Rampung rembugan, bocah-bocah banjur padha metu saka kelas kanggo gugur gunung.

“Lho kok Bapak boten rawuh, kula kangen Pak,” Umar miwiti nyapa Pak Bon sawise tekan omahe budhal sekolah.

“Bapak lara, vertigone kumat maneh. Ora bisa apa-apa. Piye sekolahe?” Pak Bon kaget karo tekane bocah-bocah.

“Wah semrawut, Pak. Menawi boten wonten Bapak, sekolahe reged, Pak,” sambate Fikri.

“Dingapura, insya Allah sesuk mlebu. Alhamdulillah wis mari,” kandhane Pak Bon.

“Nyuwun sewu Pak, kita asring kesupen lan boten perduli kalihan karesikan. Bapak boten rawuh, ketingal benten sekolahan,” ujure Yoga.

“Dongakna supaya bapak ora lara maneh, bocah-bocah. Dadi bapak bisa ngurusi sekolah,” ujure Pak Bon. “Nanging, aku uga njaluk tulung. Bocah-bocah uga duwe tanggung jawab kanggo njaga karesikan sekolah. Yen wis biasa ngopeni lan njaga lingkungan awake dhewe mesthi kepenak sinau.”

“Nggih Pak, janji badhe langkung nggatosaken karesikan,” kandhane bocah-bocah meh bebarengan.

“Hmm... maturnuwun wis teka, dadi tambah semangate bapak,” Pak Bon mesem seneng. Bocah-bocah uga seneng bisa tilik Pak Bon.*

(kamot ing Djaka Lodang No. 07 Taun 2022 kaca 28)

LKPD Analisis Unsur Intrinsik Cerkak

Kelompok :

Nama Anggota : 1.

2.

3.

4.

5.

6.

Pitedah:

Waosen cerita cekak ing nginggil menika lajeng kapadosana unsur intrinsik ingkang sampun katemtokaken ing ngandhap menika!

1. Piwulang Luhur: (minimal 6)

a.

b.

c.

d.

e.

f.

g.

h.

2. Alur :

Pawadanipun:

.....